

# **Manda Posesyon**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Pwojè dwa lokatè**

## **KISA YON MANDA POSESYON YE?**

Yon manda poseseyon se yon “notifikasyon pou 24 è”. Se yon lòd yon tribinal bay yon komisè lapolis pou li mete ou menm, tout bagay ou genyen ak tout moun ki nan fanmi ou deyò nan kay ou a. Peryòd 24 è a komanse depi lè komisè a mete manda posesyon an sou pòt kay ou a.

Si ou pa gen tan kite kay lan anvan komisè a vini, komisè a ak mèt kay la kapab retire w, fanmi w ak tout bagay ou genyen nan kay la. Komisè a ap retire ou menm si genyen yon moun ki malad, ansent, oswa nенpòt lòt bon rezon ou ta panse ou genyen ki ta fè ou panse yo pa ta dwe mete w deyò nan kay la. Se sèl jij la ki gen dwa kanpe pwosesis sila.

## **KILÈ KOMISÈ A AP RETOOUNEN?**

Tipikman, komisè a retounen nan egzakteman 24 è sof si mèt kay la peye pou fè manda posesyon an ale pi vit. Nan Miami, le pli souvan, komisè a retounen nan senk a dis jou aprè. Men sa kapab fèt anvan sa. Gen de fwa, komisè a kapab estime ki lè y'ap retounen pou yo mete w deyò nan kay la, men le pli souvan yo pap di w ki lè y'ap retounen. Si ou ta renmen eseye konnen ki lè komisè an ap vini, rele sèvis tribunal lan nan **(305) 375-5100**. Wa di yo, yo mete yon manda posesyon sou pòt lakay ou. Fòk ou pare pou w bay nimewo dosye w la.

## **KISA MWEN KA FÈ POU KOMISÈ A PA RETOOUNEN?**

Si ou genyen yon bon rezon ki fè w panse komisè pa ta dwe mete w deyò nan kay ou a, fòk ou ta soumèt yon “Mosyon an ijans pou kanpe manda posesyon an epi mande yon odyans nan tribunal”. Fomilè sila ap genyen brochi sa. Fomilè sa ap mande jij la pou li pa kite komisè a mete w deyò nan kay la.

## **KISA YON MOSYON AN IJANS YE?**

Itilize fòmilè ki nan brochi sila pou ou kapab ekri “Mosyon an ijans pou kanpe manda posesyon an epi mande yon odyans nan tribunal”(Mosyon an ijans). Mosyon an ijans ou an dwe genyen 4 bagay:

1. Rezon ki fè komisè a pa ta dwe mete w deyò. Kèk rezon ou ka bay:
  - Ou peye tout lwave ou bay pwopryetè a.
  - Ou pat janm resevwa yon kopi papye eviksyon an oswa ekstrè papye plent yo te depoze kont ou pou dosye manda posesyon an.
  - Ou ta bezwen plis tan pou w demenaje paske youn nan moun k'ap viv nan kay la malad anpil oswa enfim.
  - Ou peye pwopryetè a yon pati nan lwave kay la aprè li te fin soumèt demand eviksyon kont ou an
  - Ou jwenn yon antant ak pwopryetè a pou w rete nan kay la.
  - Ou te soumèt repons ou san pèdi tan epi ou te depoze kòb lwave a nan rejis tribunal la.
  - Ou genyen tout kòb ou dwe pou lwave a
2. Jij la voye lòd bay komisè a pou li pa mete w deyò.
3. Ou voye yon demand bay jij la pou mande l yon randevou fas a fas pou w kapab ba li rezon ki fè yo pa ta dwe mete w deyò nan kay la.
4. Tout lòt prèv ki kapab sipòte demand ou fè a (tankou fich peman ou fè).

## **KIJAN MWEN KAPAB SOUMÈT YON DEMAND AN IJANS POU YO KAPAB KANPE MANDA POSESYON EPI MANDE YON ODYANS NAN TRIBINAL?**

Depi yo fin poste manda posesyon an sou pòt ou, ou dwe soumèt yon mosyon an ijans. Soumèt mosyon an ijans ou an bay grefye nan tribunal kote yo te soumèt dosye w la. Si ou pa konnen nan ki tribunal pou w ale, vizite tribunal ki pi prè lakay ou a oswa rele grefye a nan nimewo sila (305)-275-1155. Ou kapab tcheke nan ki nivo dosye w la ye, ki tribal, ak ki jij ki sou ka w la lè ou ale sou sit entènèt sila: <https://www2.miami-dadeclerk.com/civil/Search.aspx>. Epi tou, vini ak yon kopi mosyon an ijans ou nan biwo jij la. Si ou pa konnen kiyès jij ou a ye, mande grefye lè wal depoze mosyon an. Se sèl jij ki te bay lòd pou manda posesyon an ki kapab anpeche komisè a mete w deyò nan kay la. Fòk ou konnen se jij la kap deside selon opinyon pa li pou li anpeche komisè a mete w deyò epi kanpe manda posesyon an. Pandan y'ap trete mosyon an ijans ou an, komisè a kapab toujou retounen pou mete ou menm, fanmi w ak tout sa ki nan kay la deyò. Poutèt sa, menm si ou depoze dosye mosyan an ijans lan, oud we fè tout preparasyon pou w kapab demenaje san pèdi tan.

Men yon lis tribunal nan Konte Miami-Dade:

*Dade County Courthouse (05)  
73 West Flagler Street  
Miami, FL 33130*

*Coral Gables Branch Court (25)  
3100 Ponce de Leon Boulevard  
Coral Gables, FL 33134*

*North Dade Justice Center (23)  
15555 Biscayne Boulevard  
Miami, FL 33160*

*South Dade Justice Center (26)  
10710 SW 211 Street  
Miami, FL 33189*

*Hialeah Courthouse (21)  
11 East 6 Street  
Hialeah, FL 33010*

*Miami Beach Court Facility (24)  
1130 Washington Avenue  
Miami Beach, FL 33139*

## **KISA POU MWEN FÈ SI JIJ LA DAKÒ AVÈK MWEN EPI BAN M MOSYON AN?**

Mande grefye a oswa asistan legal jij la pou li fakse yon kopi lòd ki di li aprouve mosyon an ijans ou an bay komisè a. Lè sa komisè pap ka retounen vin mete w deyò nan kay la. Epi tou, asire w ke ou genyen yon kopi lòd sa lakay ou. Siman, jij la mande pou w ale nan medyasyon oswa mande yon lòt odyans. Si jij la mande pou w depoze lwaye w dwe a nan tribunal la, oud we fè san pèdi tan. Ou pa dwe rate ankenn peman oswa odyans.

**IN THE COUNTY COURT IN AND FOR MIAMI-DADE COUNTY, FLORIDA**

CIVIL DIVISION

CASE NO.: \_\_\_\_\_

Plaintiff(s), \_\_\_\_\_

vs.

Defendant(s), \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

**EMERGENCY MOTION TO STAY WRIT OF POSSESSION  
AND REQUEST FOR HEARING**

Defendant files this Emergency Motion to Stay Writ of Possession and Request for Hearing and is asking that the Court stay the Writ of Possession. I should not be evicted because: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

WHEREFORE, Defendant respectfully requests that this Court stay the Writ of Possession, grant a hearing, and for all other relief as this Court deems just and proper.

**CERTIFICATE OF SERVICE**

I HEREBY CERTIFY that I sent a copy of this Emergency Motion to Stay Writ of Possession and Request for Hearing to Plaintiff via First Class U.S. Mail at: \_\_\_\_\_, on this \_\_\_\_ day of \_\_\_\_\_, 20 \_\_\_\_.

Defendant's Name: \_\_\_\_\_

Address: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Telephone: \_\_\_\_\_

E-mail: \_\_\_\_\_